



Fen Pwogram Parole pou Kiben/Ayisyen/Nikaragwegen/Venezelyen (CHNV)

Direktiv sa a ap efektif 25 Mas, 2025

Kisa Parole CHNV ye?

Depatman Sekirite Nasional Etazini (DHS) te komanse Pwogram Parole CHNV an 2023 pou pemet sitwayen Kiba, Ayiti, Nikaragua, ak Venezyela antre Ozetazini pou jiska de zan. Pwogram nan te mande yon sipote Ozetazini ak tes sekirite epi li te vize bay chemen legal pou pwoteksyon imanite oswa Reajwoupmnan fanmi. Nan mwa Oktob 2024 yo te mete fen nan pwogram nan apre plis pase 500,000 moun te antre Ozetazini atrave li. Yo te ankouraje moun ki te antre nan pwogram nan pou yo eksploré lot opsyon legal pou rete.

Ki sa Avi 25 Mas 2025 la ki anonce fen Pwogram Parole CHNV vle di?

Sou 25 Mas 2025, DHS te anonsé nan yon avi nan Federal Register ke Pwogram Parole CHNV a fini. Komanse 24 Avril 2025, moun ki Ozetazini anba pwogram Parole yo si li pa deja ekspire. Yo ka fe fas ak detansyon ak depotasyon Ozetazini.

Mwen te vin Ozetazini ak Parole CHNV, epi mwen gen pemisyón pou travay. Eske mwen ka kontinye travay legalman Ozetazini?

Dapre avi 25 Mas 2025 la, otorizasyon travay pou moun ki sou Parole CHNV ap revoke le Parole la fini oswa le avi a efektif an 24 avril 2025. Sa vle di ou pap kapab travay legalman apre 23 Avril 2025 anba Pwogram Parole CHNV la. Si ou gen estati, tankou TPS oswa yon aplikasyon annatant pou Rezidans Pemanan Legal (Kat vet) oswa azil, ou ka toujou kapab travay legalman.

Kisa kap pase apre Pwogram Parole mwen fini?

Dapre avi a, yon fwa Pwogram Parole ou fini, yo konsidere ou kom "prezans illegal" epi yo ka detni ou ak depote ou soti Ozetazini, sof si ou gen yon lot estati imigrasyon.

Kisa ki pral rive si mwen gen yon aplikasyon k ap tanm pou azil oswa yon lot estati?

Pandan ke nenpot moun ki gen yon estate ileal ka depote. DHS te di yo pral bay priyorite pou depotasyon moun ki poko aplike pou yon lot estati, tankou kat vet azil, Estati Pwoteksyon Tanpore (TPS), oswa estati T pou viktim komes moun. Sa vle di, si ou gen yon aplikasyon k ap tann, ou ta dwe kapab rete Ozetazini pandan w ap tann yon desizyon, men sa pa garanti. Fen Pwogram Parole la pa afekte ou si ou deja resevwa yon lot estati imigrasyon.

Kote mwen ka jwenn ed?

Si ou poko fe sa deja, ou ta dwe konsilte yon founise sevis legal imigrasyon pou we si ou kaligye pou nenpot lot chemen legal pou rete Ozetazini. Ou ka mande ed isit la: <https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/>

Not pou Kiben ak Ayisyen: Kiben ak Ayisyen rete kalifye pou benefis ak sevis kom "Antre Kiben Ayisyen" menm si pwogram Parole la fini, tant ke yo pa resevwa yon lod final pou depote yo.